



Transpò nan Bis Jon Kontra Sèvis

15 Mas 2023

Daniel Rosengard
Direktè Transpò

Jackie Hayes
Direktè Asistan Kontra a
Fonksyonman ak Kantite



Chanjman nan Sistèm Transpò a

Pou pi byen sèvi elèv yo, transpò BPS la bezwen chanjman nan sistèm lan. Sistèm nou an ki konplike ap bezwen anpil ane bonjan pwogrè ki dwe fèt ladan chak jou.

Nan rapò Komisyon Great City Schools yo dekri plizyè rekòmandasyon ki esansyèl ki bezwen kolaborasyon vil ak depatman yo, ak angajman solid kominote yo.

Kontra sèvis ki pwopoze aswè a se yon pati enpòtan nan bonjan pwogrè ki nesèsè a. Kontra a remanye pou konsantre sou responsablite konpayi sèvis la ansanm avèk ankourajman finansye daprè rezilta yo pou elèv yo.



Kisa ki kontra sèvis bis jon lan?

Kontra Transpò BPS a transpò bis jon a yon konpayi sèvis

Konpayi sèvis la ap jere:

- Antretyen bis
- Fonksyonman Lakou ak Bis yo
- Rekrute, fòm ak jere chofè bis yo
- Deplwaman anplwaye pou sekirite nan bis yo

Distra a ap jere:

- Pakou
- Rekrute, fòm ak jere chofè bis yo
- Lese pase MBTA yo
- Sèvis Kliyan



Rezime Chanjman Lang Kontra Sèvis

Enfòmasyon pou Bid vs. Demand Pwopozisyon (RFP)

Lwa Massachusetts egzije distri a pou sòti yon "Information for Bid" lè y ap chèche yon nouvo konpayi sèvis pou transpò bis lekòl yo.

- Pi gwo diferans ant yon Enfòmasyon pou Òf (IFB) ak yon Demand Pwopozisyon (RFP) sèke yon IFB egzije w pou w chwazi òf ki ka reponn ak responsab **ki pi ba**.
- Se poutèt sa li enpòtan pou bay detay sou egzakteman sa w bezwen yo pou asire ke konpayi a respekte sa ki di nan kontra a

2022 IFB

Distri a te vrèman sousye de lang ki nan IFB nou an pou idantifye konpayi sèvis ki ka jere sistèm nou an ki konplike. Yo te sible lang lan pou rann kontra pi itilizab, aplikab epi santre sou sa nou vle ankouraje nan pwochen konpayi sèvis la pou bay rezilta ki santre sou elèv yo.

1. Kreye bonjan ankourajman finansye pou bon pèfòmans ak jere depans
2. Pran plis responsablite finansye sou BPS bay kontraktè a
3. Rann amann ak domaj yo pi klè epi konsekan
4. Mizajou pou reflekte elajisman ekstansyon ak nivo fonksyonman transpò a
5. Fasilite chanjman a yon flòt EV

Responsablite finansye distri a dwe bay konpayi sèvis la

Selon nouvo IFB sa a, pa rapò ak RFP ki te la deja a, konpayi sèvis la pataje depans bon ak fèb pèfòmans

- Gen kèk depans ki pa tonbe sou distri a ankò, reetabli bonjan pwofi ankourajman pou konpayi sèvis la pou bonjan jesyon
- Selon ansyen RFP a, konpayi sèvis la pa genyen risk pou fèb pèfòmans paske distri a peye tout depans konpayi sèvis la nèt
- *Egzanp: Kounye a konpayi sèvis la responsab pou:*
 - *Depans etablisman tankou, sèvis, fè antretyen ak ti reparasyon ak retire nèt.*
 - *Prim konpansasyon Travayè pou mendèv chofè yo*

Ankourajman pou bon pèfòmans - pataje lajan ki ekonomize

- Yo konsantre sou ankourajman yo, yo reyalizab ak pataje
 - Konsantre sou rezilta kle yo (pa egzanp sou tan pèfòmans) olye yon jesyon mimal konpayi sèvis la.
 - Reyalizab pou motive aktivite konpayi sèvis la pandan tout dire kontra a
 - Nivo pou ankouraje konpayi sèvis la toujou chèche amelyore pèfòmans li
- Lajan ki pa depanse yo pataje ant konpayi sèvis la ak distri a pou ankouraje rezolisyon pwoblèm an kolaborasyon
- *Egzanp: Konpayi sèvis la ka resevwa pèman ankourajman pou:*
 - *Premye dijou pou pèfòmans ponktyalite plis pase 85%*
 - *Pèfòmans ponktyalite pa mwa plis pase 95%*


Poukisa yon Kotra Sekan an?

- **Repons:** Pa rapò ak fonksyonman anviwonman difisil ak risk finansye yon konpayi sèvis nan kontra sa a, konsiltan nou yo konseye nou fè yon kontra ki pi kout ke senkan p ap atire konpayi sèvis yo.
- **Amelyorasyon nan Sistèm lan:** Yon kontra senkan bay Distri a estabilite avèk konpayi sèvis la ak tan nesèsè pou konsantre sou lòt amelyoresyon ki nesèsè ki te dekri nan rapò Komisyon Great City Schools la.
- **Tan pou Planifikasyon:** BPS ap bezwen kòmanse planifye pou pwochen kontra li a twazan avan kontra sa a fini. Yon kontra senkan bay ase tan pou jwenn enfòmasyon ak ekspètiz ki nesèsè pou Distri a konnen ki pwochen etap pou l pran.

Planifikasyon pou IFB: Te gen yon envitasyon pou Òf ki te lanse nan mwa Septanm 2022 pou nou ka mete anplas yon nouvo kontra pou ki kòmanse nan mwa Jiyè 2023 a. Planifikasyon an te yon pwosesis ki te dire prèske 2 lane.

Travay:	Dat pou Kòmanse	Dat pou Fini
Finalize Atestasyon IFB Travay	1/7/2022	22/7/2022
Pakè IFB pou Livrezon	1/7/2022	9/9/2022
Lanse IFB	9/9/2022	9/9/2022
IFB a Livre a Konpayi Sèvis ki nan Kominote a	9/9/2022	28/10/2022
Apèl Konferans Avan Òf la	21/9/2022	21/9/2022
Mache nan Lakou Obligatwa	29/9/2022	29/9/2022
Dèle pou Soumèt Kesyon ak Repons Ekri Konpayi Sèvis la	3/10/2022	3/10/2022
Respons Distri a sou Kesyon ak Repons Ekri Konpayi Sèvis la	14/10/2022	14/10/2022
Resevwa Òf yo	28/10/2022	28/10/2022
Evalye Òf yo	28/10/2022	9/11/2022
Kontraktè ki Chwazi	22/11/2022	22/11/2022
Negosyasyon Kontraktè yo re-Aplikasyon ak Devlopman Kontra ki Pase a	23/11/2022	14/03/2023
Soumèt bay Kominote Lekòl la	15/03/2023	22/03/2023
Travay Tranzisyon ak Prepare pou Kontra Kòmanse	01/03/2023	30/06/2023
Devlopman Gid Administrasyon Kontra a	01/03/2023	30/06/2023
Kontraktè a sou Plas e Kòmanse	01/07/2023	01/07/2023

Travay avèk Ekspè nan Endistri a: IFB te fèt ansanm avèk konsiltan ekspè endistri Intueor and Transportation Advisory Services pandan yon peryòd 2 lane



Apèsi sou Konpayi Sèvis yo

- Analiz konsiltan nou yo montre ke genyen 3-4 konpayi sèvis nan Amerik Dinò ki ase laj pou sipòte kontra sa a
- Tout 4 konpayi sa yo abitye avèk fonksyonman anviwonman BPS
- Lè entèvyou a, yo te eksprime enkyetid sou konpleksite fonksyonman yo. Gen kèk ki fè konnen ke yon enkyetid sou estrikti ak risk pèfòmans nouvo kontra a pou konpayi sèvis la
- Tout 4 konpayi sèvis yo angaje yon nan pwosesis òf la
- Sèlman yon Konpayi Sèvis te soumèt yon òf: Transdev
 - Li te enpòtan pou BPS ke yon konpayi sèvis aksepte kontra sa a sou tèm nou yo, ak responsablite finansye ki gen rapò ak sèvis elèv yo
 - Gen lòt konpayi sèvis ki te patisipe nan pwosesis IFB a men yo fè konnen ke risk ki nan kontra a twò gwo donk yo te deside pa soumèt yon òf.

Òf Pri

- Konsiltan yo te prevwa òf la ant 17,5 milyon dola a 22,6 milyon dola, san konte lòt depans
- Òf Transdev ant 17 497 554,19\$ san konte lòt depans

Faktè ki fè Enpak sou Pri a

- Rediksyon nan depans pou pasaj yo, sa vle de genyen plis depans ki antre nan pri òf (bid) la ke RFP ki te la deja.
- Pèman ankourajman ki baze SELMAN sou jesyon lajan
- 3% ogmantasyon chak ane nan pri nou ofri a

Konpayi Sèvis Bis Lekòl: Transdev

Angajman Transdev

Byenke sèvis transpò a poko kote li dwe ye a, Transdev demontre li pran angajman pou l amelyore l nan ane ki pase yo.

- BPS mete an plas yon pwosesis Revizyon Pèfòmans Chak Mwa pou konpayi sèvis la, ki dekri nan kontra yo pwopoze a, pou analize pèfòmans ak devlope plan daksyon pou amelyorasyon
- Nou wè anpil amelyorasyon nan pèfòmans konpayi sèvis la pandan ane ki pase yo nan fonksyonman bis yo, antretyen, sekirite, HR ak lòt domèn fonksyonman
 - Bay 152 bis travay depi 22 Me; 92 nouvo anplwa avèk fòmasyon CDL ki peye
 - Senplifye fonksyonman nan lakou a pou amelyore kominikasyon ak toujou kite lakou a 95% a lè.
 - Diminye anpil nan kantite chofè k ap kite atravè amelyorasyon jesyon mendèv
- Atravè òf yo, Transdev pran angajman pou l kontinye amelyore ak konsidere risk ki ka rann li pa pèfòman

Anèks

Chanje soti nan RFP a IFB

- Se lwa Massachusetts la ki te egzije chanjman sa a
- Yon IFB mande pou distri a aksepte òf ki pi ba nan men yon responsab k ap fè yon òf.
- Yo dwe mete mezi òf yo sou kantite bis ak egzijans eksperyans pou asire ke sèlman konpayi sèvis ki gen ekspètiz ki ka fè yon òf.
- Plis rechèch sou mache a pou idantifye ak envite konpayi sèvis potansyèl yo patisipe

Mete kantite ak balans lan ajou

Nouvo kantite a pi byen reprezante konpetans jesyon, konpetans teknik ak nivo pèsonèl ki obligatwa pou Transpò Bis Jon BPS yo:

1. Sèvis pandan tout yon ane, lè wikenn, jou konje ak pandan chak vakans eskolè, ak ete lè 60% bis yo ap kouri
2. 225 lekòl, ki gen ladan 125 lekòl ki pa fè pati BPS ki souvan genyen orè ki diferan ak ane eskolè ke BPS
3. Atant done ak teknoloji yo toujou pi solid e konplike

Domaj yo pi piti e pi konsekan

- Domaj yo limite e nan limit sa konpayi sèvis la ka kontwole
- Domaj yo baze sou konpansasyon pou evenman ki gen enpak negatif
- Domaj yo ede nan asire ke distri a gen zouti pou chèche redrese kote li pa pèfòman

Pase a yon flòt bis ki eletrifye

- BPS ap elekrifye flòt bis li yo disi 2030
- Nenpòt konpayi sèvis k ap antre nan kontra a gen obligasyon pou l gen ase konesans mekanik ak operasyonèl, ak eksperyans pou sipòte sa